MASS UNION
LOKATÈ LOJMAN PIBLIK

Nouvo règ HUD yo pou fanmi ki gen estati melanje

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) ap avanse ak yon règ ki ta fôse fanmi ki gen diferan estati imigrasyon k ap viv nan lojman HUD swa separe, swa yo ka mete yo deyò. Li ta egzije tou pou tout lokatè HUD yo verifye sitwayènte ameriken yo oswa estati imigrasyon yo.

Règ la te pibliye jedi 12 novanm 2026. Li pwograme pou antre an vigè lendi 14 desanm 2026. **Nou ap travay ak alye nou yo pou sispann règ sa a. Li posib antre règ la an vigè ka retade oswa li ka sispann nèt.**

Ki dwa mwen yo?

Jiskaske règ final HUD la antre an vigè, fanmi ki gen estati melanje yo gen menm dwa yo genyen depi plizyè dizèn lane epi lalwa rete menm jan an.

- Fanmi ki gen estati melanje yo gen dwa viv ansanm nan lojman ki resevwa asistans HUD depi omwen yon manm fanmi an se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki pa sitwayen men ki gen estati imigrasyon kalifye. **Pèsonn pa oblije ale,** kèlkeswa sitwayènte oswa estati imigrasyon yo.

- Manm fanmi ki pa resevwa asistans HUD **pa bezwen pataje estati imigrasyon yo** ak HUD, ak otorite lojman piblik la, oswa ak pwopriyetè pwojè a. Yo gen dwa kenbe estati imigrasyon yo prive.

Kontakte Mass Union nan **info@massunion.org** si lojman ou ka an danje poutèt règ la.

N ap ede w konsilte yon avoka anvan ou pran yon desizyon sou si pou w rete oswa ale, oswa sou si pou w pataje enfômasyon sou estati imigrasyon yon manm fanmi. Aprann plis sou Mass Union, règ la, ak dwa legal ou yo nan **MassUnion.org/Mixed-Status**.